Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 26 (7580)
1 Июнь
хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

ДандчIвай: мобилизация

## Армиялде ахIулел СВОялда гIахьаллъуларо



Гьал къоязда призивнияб комиссиялъул председатель, Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул рахъалъ Централъул нухмалъулесул ишал тIуралев Р. МухIамадгIалиевгун. Гьез дандрана цебе бугеб ихдалил призывалъул ва РФялъул рагъулал къуватазулъе къотIи-къай хъван гIолилал иналъул суалал.

-Кинабго ихдалил призывалъул ва хехаб ахIиялъул солдатал ракIариялъул хIалтIи гьабулеб буго росдал бутIруздагун рагъулгун хIисаб-суалалъул столазда, ихтияр цIуниялъул органазулгун дандги бан, -ян бицана Рашид МухIамадгIалиевас. -Гьединго тIоритIулел, руго гьезул эбел-инсулгун гара-чIвариял, хIалтIи гьечIев гIадин учеталда лъурасулгун ва запасалда вугесулгун дандчIваялги гьарун.

Р. МухIамадгIалиевасухъги гIенеккун, районалъул бетIерас тIадчIей гьабула улкаялда хIалуцараб ахIвал-хIал бук1иналъ ихдалил призывалъул гьанжего-гьанже Армиялде ритIулел гIолохъаби СВОялъул рагъулал ишазде ритIизе гьечIолъиялда. ГIолилазда ва гьезул эбел-инсуда гьоркьоб гьеб суалалъул бугеб хIалалъул бицун, бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккола. Гьединго хIукмо гьабун буго хIалтIи гьечIолъиялъул учеталда ругезулгун рагъулаб хъулухъ гьабизе ине контрактги хъван, хIалтIи гьабиялъеги. Гьезда бицине ккола рагъулаб хъулухъалде контракт хъвазе рази ругел РФялъул оборонаялъул Министрестваялъул льготабазул хIакъалъулъ,- абун т1адч1ей гьабуна бетIерас.

Ихдалил призыв

## ТIадаб налъиялъул суалгун



Гьал къоязда районалъул бетIер, призывалъул комиссиялъул пред. ГI. НурмухIамадовас РДялъул БетIерасул ва Правительствалъул, гьединго рагъулаб комиссариаталъулгун ВУСалъул вакилзабигун цадахъ росабазул бутIрулги данде гьарун, данделъи тIобитIана. Гьениве ахIун вукIана РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовги.

Данделъиялда балагьана гьабсагIаталда районалда дагьабго нахъе ккун бугеб ихдалил призывалъул суалалъухъ. Рагъулаб учеталда ругезул ва гьел лъеялда хурхун гьабулеб хIалтIул суалазул захIматал рахъазул хал гьабуна РДялъул рагъулаб комиссариаталъул 2 отделалъул вакилзабаз. Данлъиялда РДялъул 2 отделалъул вакил Р. ХIусеновас комиссариаталда рагъулаб учеталда лъуразул, гьезулгун гьабулеб бугеб хIалтIул, хехаб куцалда гьеб ишалъулъ ругел гIунгутIаби лъугIизаризе ккеялъул суал борхана.

КIалъалаго бетIер ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна щибав бихьинчиясул тIадаб налъи бугин ВатIан цIунизе ине, гьелда хурхун гIолилаздагун эбел-инсуда гьоркьоб бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьабизе ккоЛин. Бихьизабуна спецоперация унел бакIазда бачIинахъего гIолилал ритIуларин жидецаго контракт хъвачIони,- абун.



КIалъазе рахъараз бицана рагъулаб хъулухъалъул бугеб кIвараалъул.

Экзаменал

## Аслияб масъала-лъималазе лъай щвей

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас хасаб кIвар кьолеб буго районалъул школазда лъай кьеялъул хIалтIи бук1ине кколедухъ иналда хурхун. Гьеб мурадалда хал ккун буго экзаменазул заманалда гьел ине кколел къагIидаби хвезаричIого, лъималазе лъай щоледухъ иналъе. Гьеб мурадалда гьал къоязде лъай кьеялъул вакилзабазда



бетIерас лъазабуна тIоцебесеб нухалда нужер ккараб гьалат1 лъазабун телин, хадубккун гьединаб иш халлъани хIалтIудаса рахъилин. «КигIан махщел ва хIалбихьи бугев педагог ватаниги, чIезарурал къагIидаби экзаменазда хвезабурав педагог хIалтIудаса вахъизе вуго. Дир мурад буго хадубккун лъимал цIалудехун букIине кколеб жавабчIвигун ралагьи. Гьелъие гIоло кинабго гьабизеги буго. Нилъер букIинесеб ккола лъимал, гьезие букIине кколеб лъай щунгут1иялъул цIикIкIараб гIайиб букIуна чIах1иязул»-ян абуна бет1ерас.

Данделъиялда бицен ккана лъимал экзаменал кьолеб бакIалде транспорталъ рачиналъул, бланкаби цIезариялъул ва цогидалъулги. Кинабго рахъалъ иш тIаде кколезе тIадкъаялги кьуна гьенибго.

## Армия - бихьинчилъиялъул школа

ГьабсагIаталда районалда хIаракатаб хIалтIи гьабулеб буго ихдалил призывалъул хIалтIи гIуцIадго иналъе. 24 маялда Майданское росулъа иргадулав призывник МухIамадов Сайгид МухIамадович рег1ана хъулухъ гьабулеб бакIалде. Гьединго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасги ва зам. М. ХIамзатовасги бичIчIи кьеялъулаб гара-чIвари гьабуна призывник Рустам АрулмухIамадовасулгун. Гьесулгун гара-чIвари гьабулаго «Рагъулаб хъулухъ гьаби ккола гIумроялъулаб хIалбихьи букIинаби, хадубккун эбелаб ВатIан ва жиндирго хъизан-рукъ цIуниялъе бажари щвей,- ян бихьизабула гьевгун гара-чIварулаго ГI. НурмухIамадовас.

РакIалде щвезабизин: хехаб хъулухъ ине буго Россиялъул территориялда, хъулухъ гьабула гIицIго цо соналъ ва лъицаниги хасаб рагъулаб операциял унел бакIазде гьел ритIизе гьечIо.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 26 (7580)
хамиз
1 июнь 2023 сон



Дагъистаналда исана 7 районалде газ бачине буго. Гьезда гьоркьоб буго Унсоколо районги. «2026 соналде щвезегIан 27 районалъул 211 росулъе газ бачине буго Дагъистаналда. Гьединаб х1укмоялда гьоркь гъулбасана гьал къоязда республикаялъул нухмалъулес.

Газификация гьаб соналда щвезе буго Дагъистаналъул Агуль, ГIахьвахъ, Гъуниб, Кули, Лак, Рутуль, Унсоколо районазде.

Лъазабулеб букIахъе газ бачине буго 40,300 рокъобе ва 882 котельниялде.



РакIалде щвей

# Бихьинчилъиялъул орден



**(Гьал къоязда СВОялда бахIарчиго хварав Унсоколоса М. МухIамадовасул эбел А. НурмухIамадовалъухъе РФялъул Президент В. В Путинил Указалдалъун Бихьинчилъиялъул орден кьуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас).**

Киназдаго лъала ракълие гIоло гIумро кьурав М. МухIамадов вукIана кинабго лъикIабщиналъул рахъ кколев, аваданав, захIмалъабазукьа нахъе къаларев вас. Къварилъабазул ракIалде щвезе кидаго захIматго букIуна, гIолохъаби гIумроялдаса ратIалъи гьеб цIакъго захIматаб иш буго. М. МухIамадов даимго хутIила гIолеб гIелалъе мисаллъун нилъер ракIазулъ.

# Армиялъ гIезавула бихьинчи



30 маялда хехаб хъулухъалде ахIаралгун ва гьезул эбел-эменгун дандчIвана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов.

**(Ахир 4 гъумералда)**

Украина: спецоперация

# ЦIадулал нухаздасан



Гьале лъагIалидаса цIикIкIараб заман унеб буго НАТОялде гьоркьоре унел хIукуматаз Россиялъул хIалхьи хвезабиялъул мурадалда Украиналъул гIурус халкъаз гIумро гьабулел республикабазул халкъалда рагъулаб кьаби щвезабулеб бугелдаса. Россиялъ спецоперация байбихьилалдего, ай 202I соналъул 5 марталда ана Армиялде хъулухъ гьабизе ГIашилтIа росулъа гIолилав МухIамадов МухIамад ИсмагIилович. БачIинахъего хъулухъ гьабизе гIолилав ккана Белгородалде.

Лъида лъалареб 2022 соналъул 24 февраль. Гьеб къоялъ цIидасанги такрарлъана нилъее цебего гIумроялъулъа тIагIунеб букIараб кIудияб ВатIанияб рагъул кьогIлъи. Гьел къоязда цебе цIикIкIараб кIваркьеялда гьоркь яргъил техника лъазабиялъе хIалтIаби гьаризе лъугьана Белгородалъул гьав вугев рагъулаб частаалдаги.

Мух1амадица хъулухъ гьабулеб букIана 752 мотострелковияб полкалда. ЛъикIго хIадурараб 2000 гIан чи жаниве вачунеб полк букIана гьеб. Щивасулгун контрактги хъван, сардилъ Белгородалъул рагIалдасан Украиналъул рохьазде хъурщулел рукIана полкалъул рагъухъаби, къасдеялдаса рогьинегIан хIинкъи гьечIолъи букIиналдаса пайдаги босун. Гьедин 4 сордо-къоги нухда бан, хъурщулел гьал ахирисеб сордоялъ хIалхьи гьабизе чIана Украиналъул гIорхъода. Рогьел рехилалде лъугьана Украиналъул ракьалде жанире.

Цадахъго букIана техникаги. Гьеб гIемерисеб нухдаго хун, яги кьвагьизабун щвезе кколелъубе щвечIо. ХIалтIулеб техникагун церехун унел гьаз полкалъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе цадахъго бачунеб букIана разветкаги.

Гьедин церехун унаго ракIалдаго гьечIого нацистаз кьвагьизабуна цо росулъа Донецкиялде унеб кьо, полк щулахъ биххизе течIого сверизабуна цоги нухде. Гьеб бакIалда полкалъул лъукъана чанго чи. ТIад сверулел рукIана беспилотникал, балеб букIана тIаде цIад гIадин гулла-хер. Донецкиялъул ракьалде щваралго разведкаялъ лъазабуна нацистазул къокъаби ругел бакIал, гьезул щибал къокъаязда гIагарлъухъ гьаз къасиго кколаан щулалъаби.

ТIаде гьал щвелалде рухъун ратана окопал, хIадурун бугоан полк чIезе бакI. Лъазарун гьезухъе разведкаялъ кьун рукIана нацистазул къокъабазул чIелал, дронал ритIун, яги тIаде ун, гьел тIагIинари букIана полкалъул масъала. Кколеб бакIалде полк парахалъун хадуб лъазарурал къокъабазда цIа лъуна гьаз, цIикIкIараб ками ккечIого нацистазул къокъаби лъугIизаруна лъик1ал х1асилалгун. Гьениб полкалъул чIвана цо чи, лъукъана I8 чи.

«Ниж рукIарал бакIазда бук1ана жинцаго отрядги данде бакIарун, гьелъие нухмалъи гьабулев Пригожин абулеб бечедав чиги гьес гIуцIараб отрядги. Гьезул кIудияб кумек щолаан нижер полкалъе. Кинаб рагъулъе лъугьаниги тIаде кIанцIиял ругониги гьесул отряд нижер кумекалъе бахъунаан. Хадур ккун цIикIкIарал камиял ккечIого тунка-хIуси лъугIиялъе кумек гьабулаан»- ян ракIалде щвезабуна МухIамадица.

ГIемерал тIаде кIанцIиялги рагъалги рукIана МухIамадил полкалъул. Гьеб отрядалъул кумекалдалъун гIемерисел гьел гьазул бергьенлъигун лъугIулаан. Нацистал лъутулел лахIзаталъул кIудияб интерес букIунаан ругъухъабазе.

Гьал къозда МухIамадов МухIамад ИсмагIилович районалде вачIун вукIана мустахIикъаб отпускгун. Нижер дандчIваялда гьес бицана жидее контракт хъвалаго бихьизабуралда тIадеги гIарац кьолин, ругъухъабазе кьолеб квенги гьабулеб тIалаб-агъазги квешаб гьечIин.

ГIемерал хIалуцарал рагъазулъе ккана спецоперациялда МухIамад. Группабазде рикьараб полкалъул гьав вугеб группаялъухъе кьун рукIана 4 БТР, 3 МТРБ ва цогидабги техника. Гьел махщалида хIалтIизарун бажарула гьанже гIолиласул.

Украинаялда гьабсагIаталдаги унел руго рагъал. Гьел жеги цере руго МухIамадие. ВатIаналда парахалъи цIунун нацистазе данде рагъулезе нилъецаги гьаризин талихIал лахIзатал. Балагьалдаса цIунаги нуж, ВатIаналъул Васал!

**С. КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА**

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 26 (7580)
хамиз
1 июнь 2023 сон

3 гъумер

# Садовод

Страница в номере



## Вниманию перевозчиков!

Согласно действующему зако-нодательству Российской Федерации, лицензирование перевозок пассажиров автобусами вместимостью более 8 мест для сидения, помимо водителя, является обязательным, в том числе при перевозке пассажиров на коммерческой основе, по заказам и для собственных нужд. Положением о лицензировании деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами, утвержденным Постановлением Правительства РФ от 07.10.2020 N 1616, определен порядок получения лицензии на осуществление деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами. Согласно указанному документу соискатель лицензии через единый портал государственных услуг в лицензирующий орган (в данном случае – в территориальный орган Ространснадзора) направляет заявление установленного образца, копия приказа о назначении ответственного за обеспечение безопасности дорожного движения, копия договора о проведении медицинских осмотров водителей, если автобусы не являются собственностью соискателя, то копии документов, подтверждающих основание владения (договор аренды без экипажа ит.п.).

Владельцам (лицензиатам) в случае изменения сведений о государственных регистрационных номерах автобусов, увеличения/уменьшения количества автобусов необходимо подать заявление в лицензирующий орган для внесения соответствующих изменений в Реестр лицензиатов. Согласно Постановлению Правительства РФ от 23 января 2023 года оплата пошлины за предоставление государственной услуги по лицензированию деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами до конца 2023 года отменена.

Перевозка пассажиров без лицензии попадает под административную ответственность, предусмотренную ч. 1 ст.14.1.2 КоАП РФ в виде штрафа от 50000 рублей до 400000 рублей, а при повторном совершении административного правонарушения – с конфискацией транспортного средства или приостановлениядеятельности на срок до 3 месяцев (ч.2 ст. 14.1.2 КоАП РФ).

Перевозка пассажиров автобусами, не внесенными в Реестр лицензиатов, является нарушением лицензионных требований, за которое ч.3 ст. 14.1.2 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность в виде штрафа размером до 100 тыс. руб.

Совершение дорожно-транспортного происшествия с человеческими жертвами автобусом, не внесенным в Реестр лицензиатов, является грубым нарушением лицензионных требований, за которое ч.4 ст. 14.1.2 КоАП РФ в отношении должностных лиц и индивидуальных предпринимателей предусмотрен штраф в размере семидесяти пяти тысяч рублей; на юридических лиц - двухсот тысяч рублей или административное приостановление деятельности на срок до девяноста суток.

**Территориальный отдел госуда-рственного автодорожного надзора по Республике Дагестан МТУ Ространснадзора по СКФО**

## Вниманию перевозчиков!

С 1марта 2023 год- вступил в силу приказ Минтранса России от 28.09.2022 г. № 390, который определяет состав сведений путевого листа и порядок оформления или формирования путевого листа. Теперь путевой лист можно будет оформить как на бумажном носителе, так и сформировать в форме электронного документа. Сведения о проведении пред-рейсового, послерейсовог медицинского осмотра водителя должны быть заверены собственноручной подписью медицинского работника на бумажном носителе либо усиленной квалифицированной электронной подписью или усиленной неквалифицированной электронной подписью в случае формирования электронного путевого листа. Сведения о проведении предрейсового контроля технического состояния транспортного средства заве-ряются собственноручной подписью должностноголица, ответственного за техническое состояние и безопасную эксплуа-тацию транспортных средств, на бумажном носителе либо уси-ленной квалифицированной электронной подписью или усиленной неквалифицированной электронной подписью в случае формирования электронного путевого листа. За выпуск транспортного средства на линию без путевого листа или с путевым листом, оформленным (сформированным) с нарушением установленных требований, перевозчик несет административную ответственность в соответствии с Кодексом Российской Федерации об административных правонарушениях.

**Территориальный отдел государственного автодорожного надзора по Республике Дагестан МТУ Ространснадзора по СКФО**

## Вниманию перевозчиков!

Ситуация с аварийностью на автодорогах республики остается сложной. Довольно часто водители осуществляют перевозочную деятельность с нарушением режима труда и отдыха, что приводит к трагическим последствиям. Рабочее время и время отдыха работников, труд которых непосредственно связан с движением транспортных средств, регламентируются ст. 329 Трудового Кодекса Российской Федерации, а также Особенностями режима рабочего времени и времени отдыха, условий труда водителей автомобилей, утвержденными Приказом Министерства транспорта РФ от 16 октября 2020 г. № 424

В целях предупреждения нарушений обязательных требований норм режима труда и отдыха водителей при осуществлении федерального государственного контроля (надзора) на автомобильном транспорте, городском наземном электрическом транспорте и в дорожном хозяйстве Федеральной службой по надзору в сфере транспорта (Ространснадзор) разработано Руководство по соблюдению обязательных требований норм режима труда и отдыха водителей (в части времени управления транспортным средством и времени отдыха) (далее - Руководство).

Задачей Руководства является информирование субъектов транспортной деятельности, осуществляющих пассажирские и грузовые перевозки автомобильным транспортом, о способах соблюдения обязательных требований, примеров соблюдения обязательных требований, рекомендациях по принятию перевозчиками конкретных мер для обеспечения соблюдения обязательных требований.

За нарушение норм режима труда и отдыха, как водители, так и перевозчики несут административную ответственность в соответствии с Кодексом Российской Федерации об административных правонарушениях. С Руководством можно ознакомиться на интернет-сайте Ространснадзора в разделе Госавтодорнадзор/Деятельность/Профилактика нарушений.

## Вниманию перевозчиков!

С 14 апреля 2023 года вступил в силу Федеральный закон от 03 апреля 2023 г. № 103-ФЗ «О внесении изменений в статьи 12.21.1 и 23.1 Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях».
Новая таблица штрафов для крупногабаритных транспортных средств

| Превышение габаритов | Наказание, если нет разрешения | Наказание, если есть разрешение |
|---|---|---|
| не более 10 см | Водители: 1 000 - 1 500 рублей<br>Должностные лица: 10 000 -15 000 рублей<br>Юридическиелица: 100 000 - 150 000 рублей | Водители: 1 000 - 1 500 рублей<br>Должностные лица: 10 000 - 15 000 рублей<br>Юридические лица: 100 000 - 150 000 рублей |
| от 10 до 20 см | Собственник (владелец) транспортного средства: 250 000 рублей | Собственник (владелец) транспортного средства: 200 000 рублей |
| от 20 до 50 см | Собственник (владелец) транспортного средства: 350 000 рублей | Собственник (владелец) транспортного средства: 300 000 рублей |
| более 50 см | Собственник (владелец) транспортного средства: 400 000 рублей | Собственник (владелец) транспортного средства: 400 000 рублей |

**Новая таблица штрафов для тяжеловесных транспортных средств**

| Превышение массы или нагрузки на ось | Наказание, если нет разрешения | Наказание, если есть разрешение |
|---|---|---|
| от 10 до 20 % | Собственник (владелец) транспортного средства: 250 000 рублей | Собственник (владелец) транспортного средства: 200 000 рублей |
| от 20 до 50 % | Собственник (владелец) транспортного средства: 350 000 рублей | Собственник (владелец) транспортного средства: 300 000 рублей |
| более 50 % | Собственник (владелец) транспортного средства: 400 000 рублей | Собственник (владелец) транспортного средства: 400 000 рублей |

**Территориальный отдел государственного автодорожного надзора по Республике Дагестан МТУ Ространснадзора по СКФО**

# Армиялъ гIезавула бихьинчи

Гьениб ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна Кавказалъул хъизаналда вас гьавидал абулаанин рагъухъан гьавунин, кьварараб кьолаан гьесие тарбияги. – Нилъер васал кир ругониги ратIа гьарула бихьинчилъиялдалъун ва къвакIиялдалъун. Гьез кир ругониги мустахIикъаб куцалда тIубала тIадаб иш ва тIадегIанаб адаб-хатиралда руссуна тIад.

Гьединго бетIерас ракIалде щвезабуна жиндирго армиялъулаб гIумро, доб заманаялъул гьудулзабазулгун жеги гьоркьоблъи бугин бихьизабуна. Армиялда ругеб заман буго хасаб кIочонареб заман,-ян абуна хадубги бетIерас. – Гьелъ лъикIаб рахъалдехун ккезарула гIолилал, чорхолъ ритIараллъун руссуна тIад, гьенир щивав лъугьуна бихьинчилъун, лъала росу-ракьалъул къимат.

БичIчIула, улкаялда бугеб захIматаб ахIвал-хIалалъ гIолилал СВОялде ритIизе хIинкъун руго эбел-эмен. Амма гьел рагъул зонаялде ритIуларо жедецаго контракт хъван гурони,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

# Призалъулаб бакI ккуна



20-2I маялда Ессентуки шагьаралда униеб букIараб Дунялалъулго квержубан (FCF-MMA) рагъул Чемпионалда гIахьаллъана нилъер Унсоколо районалъул Унсоколо росулъа ГIабдурахIман АхIмадов. Гьев цеве вахъана 6I кг. цIайиялда. ГIолилас къецазда ккуна лъабабилеб бакI.

ХIурматияв ГIабдурахIман АхIмадов, ракI-ракIалъ баркула дуда бергьенлъи, ахирисеблъун батугеги гьеб дуе. ТалихI, битIккей ва жеги бергьенлъаби гьарула дуе споралъул гIумроялъулъ!

## Внимание, объявления

Уважаемые жители Унцукульского района!
ОМВД России по Унцукульскому району сообщает, что имеются вакансии младшего начальствующего состава органов внутренних дел Унцукульского района и Министерства внутренних дел РД.

Желающие поступить на службу в органы внутренних дел могут обратиться по тел.: **88722994804 и 89894841193**

**С уважением руководство ОМВД России по Унцукульскому району.**

**Спорт**

# ХъахIабросулъ-футболалъул къецал

Дагьал церегIан къоязда ХъахIабросулъ тIоритIана районалъул школлъималазда гьоркьоб футбол хIаялъул къецал. Гьел унел рукIана ХъахIабросдал школалъул директор ГIисалаев Мусал нухмалъиялда гъоркь.

Киназдаго лъала Украиналда рагъал унел рукIин. Россия хIажатаблъун ккана гьениб спецоперация гьабизе. Россиялъул регионаздаса гIолохъабиги ритIулел гьенире. ЦохIо ХъахIабросулъа 6 гIанасев чияс гIахьаллъи гьабулеб буго спецоперациялда. Футбол хIаялъул къецал росулъ тIоритIулел рукIана гьезул хIурматалда. Гьезул бищун кIудияв кколаан Мусаев Муса Насибович. Гьев спецоперациялда гIахьаллъизе ана гIарзаги хъван, бокьун. Гьаб рагъулъ гIемер заман балелдего гьев лъукъана ва госпиталде кkана. Гьедин битIухъе гьал къецал тIоритIулаго Муса тIад вуссун росулъе вачIана ва къецазулъ гIахьаллъана.



Адаб-х1урмат гьабун киналго спортсменазги, росуцоязги, тIаде рачIарал гьалбадерицаги кIудияв баркалагун къабул гьавула, 52 сон барав рагъул инвалид Мусаев Муса.

Футболалъул (мини футбол, ай щу-щу чи гурони гIахьаллъулареб) къецазда мустахIикъаб I бакI ккуна ХъахIабросдал школалъул лъималаз. КIиабилеб бакIалде бачIана рихьундерил команда ва лъабабилеб бакIалда гIей гьабизе ккана белехьдирица.

Анлъго командаялъ гурони гIахьаллъи гьабичIаниги къецал ана берцинго спортсменазеги, балагьаразеги интересаб куцалда. Г1ахьаллъизе рачIун рукIана школазул директорал, тренерал, администрациялъул ва райОНОялъул хIалтIухъаби. Къецал лъугIун хадуб бергьарал командабазе, лъикIаб махщелгьунар бихьизарурал спортсменазе ва Украиналдаса тIад вуссарав М. Мусаевасе, гьединго спецоперациялда гIахьаллъулел ругел гIолохъабазул умумузе кьуна батIи-батIиял шапакъатал ва сайгъатал.

**Споралъулъ-бергьенлъаби**

АбичIого гIоларо I20 гIанасев гурони цIалдохъан гьечIев ХъахIабросдал школлъималаз исана ясазул волейбол хIаялъул къецазда районалда ккуна 3 бак1. Васазул къецазда ккуна 2 бак1. Фотбол х1аялъул рахъалъ 1 бак ккуна Къ. Юсуповас. Гьел киналго лъималазул бергьенлъаби рарал руго тIоцебесеб иргаялда х1алт1ул гIуцIиялда, кIиабизеги жив-жив тренерасда, гьезул бажариялда.

Бажарун школалъе нухмалъи гьабулеб буго дирекциялъ. Директор Г1исалаев Муса вуго жиндехунги ва хIатIухъабаздехунги тIалабчилъи бугев, кьураб рагIи кколев, гIадамал ричIулев, лъималаздехун бербалагьи цIикIкIарав, росулъги къадру бугев унго-унгояв инсан.

Аллагьас къуват кьеги гьесие, тIолабго коллективалъе, школлъималазе лъикIаб гьабизеги, квешаб тезеги.

Гьенибго бергьаразе росуцояв ГIалихIажиев Ильясица куйги хъун, гьоболлъи гьабуна.

**Сулейман МухIамадов.**

**Нижер мухбир**

## БИТIIИЗАБИ

Гьаб соналъул 25 маялда къватIибе араб «Ахихъан» газеталъул «Лъимал куцалеб къебелъи» абураб материалалъул байбихьуда I9 февралалда абун гьалатI ун буго. Материалалъул байбихьи цIализе ккола «Советияб заманалда I9 маялда кIодо гьабулаан пионерия гIуцIараб Къо»,-абун.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 31. 05. 2023 г.
14. 30
фактически -16. 35 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.